

LIS KONTWÒL POU YON PLAN IJANS IMIGRASYON FAMILYAL



Mezi pou aplike lalwa imigrasyon an ka rive sanzatann. Lè ou gen yon plan ijans imigrasyon famiyal an plas, sa ka ede diminye estrès, pwoteje pwòch ou yo, epi asire ya ka pran swen pitit ou ak responsablite famiyal ou pandan ou pa la. Lis kontwòl sa a fèt pou ede w rasanble enfòmasyon ak dokiman enpòtan epi prepare fanmi w nan ka ta gen yon ijans ki gen rapò ak imigrasyon. Yon fwa ou fin kolekte enfòmasyon sa yo, konsève yo yon kote ki an sekirite epi aksesib lakay ou epi pataje kote a ak manm fanmi ou fè konfyans ak kontak ijans yo. Lè w pran mezi sa yo kounye a, ou ka pare pou aji rapidman, pran desizyon eklere epi aji avèk konfyans.

Sèvi ak lis kontwòl sa a pou prepare fanmi ou davans nan ka ta gen yon mezi pou aplike lalwa nan zafè imigrasyon:

I. Rasanble Dokiman ak Enfòmasyon Esansyèl yo

- ☐ **Enfòmasyon sou imigrasyon famiyal**
 - ▶ Anrejistre nimewo anrejistreman imigrasyon ou (si sa aplikab)
 - Se yon nimewo ki gen sèt (7) jiska nèf (9) chif epi li souvan sou dokiman ofisyèl imigrasyon yo (pa egzanp, kat travay, kat vèt oswa papyè tribinal imigrasyon)
 - Fòm: A# 000-000-000
- ☐ **Konsève kopi tout dokiman ki gen rapò ak imigrasyon, tankou:**
 - ▶ Pèmi travay
 - ▶ Avi apwobasyon kat vèt oswa DACA
 - ▶ Resi aplikasyon annatan
 - ▶ Avi pou Parèt oswa dat odyans tribinal
- ☐ **Dokiman ki pwouve ou gen plis pase de (2) lane depi w ap viv nan peyi a (si sa aplikab). Dokiman yo dwe gen non ou ak dat lè yo te ba yo a.**
 - ▶ Fòm W-2
 - ▶ Dokiman taks
 - ▶ Akò ipotèk, lokasyon oswa kontra lokasyon
 - ▶ Papyè machin, anrejistreman oswa prè
 - ▶ Pèmi kondui
 - ▶ Randevou doktè
 - ▶ Bòdwo sèvis piblik
 - ▶ Kat idantifikasyon lekòl/kat bibliyotèk
- ☐ **Kontak ijans**
 - ▶ Mete omwen twa (3) kontak ou ka fè konfyans pitit ou yo oswa manm fanmi ou ka kontakte si yo ta mete ou nan prizon (pa egzanp, yon paran, yon frè oswa yon sè, yon vwazen, yon zanmi fanmi oswa yon defansè).
 - Non konplè, nimewo telefòn, relasyon avèk ou, adrès kay ak adrès imèl
 - Verifye dosye lekòl pitit ou a pou asire w li gen omwen de (2) nan kontak ijans ki nan lis la.

II. Otorizasyon pou Pwokirasyon/Responsab Legal

- ☐ **Reflechi ak posibilite pou bay yon pwokirasyon oswa gen yon afidavi otorizasyon pou responsab legal k ap yon granmoun ki ka pran swen timoun ki poko gen 18 lane yo.** Chak eta ka gen pwòp fòm oswa egzijans espesifik li pou otorize yon responsab legal pran desizyon pou yon timoun minè. Pa egzanp, California gen yon Afidavi Otorizasyon pou Responsab Legal. Asire w ou kontakte yon òganizasyon lokal nan zafè dwa imigran oswa yon avoka ou fè konfyans ki ka ede w detèmine ki fòm ki bon pou ou itilize.
 - ▶ Fè notarye fòm lan si yo rekòmande oswa egzije sa nan eta kote w rete a.

III. Dosye Finansye ak Enfòmasyon sou Kont

Seksyon sa a asire ou gen aksè rapid ak dosye finansye enpòtan si gen yon ka ijans. Li gen ladan l enfòmasyon pou kont labank, prè, kat kredi ak aplikasyon lajan kach elektwonik pou ede w jere zafè finansye si ou pa disponib.

- ☐ **Enfòmasyon sou kont labank**
 - ▶ Ipotèk, chèk, kont epay, prè ak kat kredi
- ☐ **Idantifyan aksè pou aplikasyon lajan kach elektwonik yo**
 - ▶ Zelle, Venmo, Cash App, PayPal, elatriye

IV. Enfòmasyon sou Moun ki Nan Kay la

Konsève yon lis detaye tout moun lakay ou, ansanm ak kopi dokiman idantifikasyon esansyèl yo. Epi mete ladan l dosye medikal timoun yo, alèji ak detay sou medikaman pou asire sekirite yo ak swen yo si gen yon ijans.

- ☐ **Kreye yon lis tout moun ki ap viv nan kay la**
 - ▶ Non konplè, dat nesans, nimewo telefòn ak relasyon avèk ou
- ☐ **Dokiman idantifikasyon (kenbe kopi yo chak)**
 - ▶ Batistè

Suit →

- ▶ Paspò
- ▶ Sètifika maryaj (si sa nesèsè)
- ▶ Kat idantite oswa lisans chofè gouvènman an bay
- ▶ Kat Sekirite Sosyal (si sa aplikab)

☐ **Enfòmasyon medikal timoun yo**

- ▶ Dosye vaksinasyon
- ▶ Dosye medikal
- ▶ Mete alèji yo genyen
- ▶ Mete medikaman ak dòz yo

V. Enfòmasyon sou Travay/Lekòl

Mete enfòmasyon kontak kote w ap travay la, sipèvizè w la ak sendika w la pou yon moun ka avèti yo si w pa kapab vin travay. Si ou menm oswa yon manm fanmi w lekòl, mete non lekòl la ak yon moun pou kontakte pou sipò akademik.

- ☐ **Non patwon ou a**
- ☐ **Non ak nimewo telefòn sipèvizè a**
- ☐ **Si ou se manm yon sendika**, non lokal ou a ak non reprezantan sendika ou a ansanm ak nimewo telefòn li.
- ☐ **Non lekòl ou a** (si sa aplikab)
- ☐ **Konseye akademik ak/oswa konseye a ak nimewo telefòn yo** (si sa aplikab)

VI. Kontak Legal ak Konsilè

Konsève enfòmasyon pou kontakte yon avoka imigrasyon ki konnen dosye w la byen ansanm ak konsila peyi w la. Sa asire ou gen sipò legal ak konsilè disponib si ou bezwen yo.

- ☐ **Non ak nimewo telefòn yon avoka imigrasyon** ki konnen dosye w la byen
- ☐ **Mete peyi orijin ou ak yon nimewo telefòn anbasad oswa konsila ki pi pre ou a.**

VII. Lòt Dokiman

Konsève kopi reyalizasyon pèsònèl, dosye angajman nan kominote a, lèt rekòmandasyon ak foto nou fè an fanmi. Dokiman sa yo ka ede demontre kontribisyon ou nan kominote a epi ede zanmi ak manm fanmi yo òganize yon kanpay sansibilizasyon piblik pou mande liberasyon ou.

- ☐ **Sètifika nenpòt reyalizasyon oswa prim**
- ☐ **Mete wòl lidèchip kominotè** (pa egzanp, legliz, PTA oswa lòt wòl volontè)
- ☐ **Lèt referans**
 - ▶ Travay
 - ▶ Deklarasyon sou sèman kòlèg travay oswa lidè kominotè ki ka pale sou karaktè moral ou ak kontribisyon ou nan kominote a
- ☐ **Foto nou fè an fanmi**

Rapèl/Konsèy

- ☐ **Diskite plan ijans imigrasyon famiyal la ak fanmi ou, pitit ou ak kontak ijans yo.**
- ☐ **Konsève kopi fizik tout dokiman yo yon kote ki an sekirite epi ki aksesib.**
- ☐ **Reflechi ak posibilite pou fè bakòp dijital yo nan yon sèvis estokaj anliy ki sekirize.**
- ☐ **Revize epi mete plan ou an ajou regilyèman** (omwen chak sis (6) mwa).